



Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EFÒ 50 MILYON DOLA POU LITE KONT POVRETE
NAN NÒ ETA NOUYÒK**

***Bidjè Ane Fiskal 2025 la gen ladan investisman 50 milyon dola pou rediksyon
povrete pami timoun***

Rochester, Buffalo ak Syracuse gen kèk nan pi gwo to povrete nan Nouyòk

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo etap pou konbat povrete nan Rochester, Buffalo ak Syracuse, twa kominote yo te chwazi paske yo genyen kèk nan pi gwo to povrete nan nenpòt kote nan Eta Nouyòk. Bidjè ane fiskal 2025 Gouvènè Hochul la te atribye 50 milyon dola pou pwogram antipovrete sa a, ke gwoup kominotè yo ap itilize kounye a nan kominote sa yo.

"Chak fanmi ta dwe gen opòtinite pou yo grandi ak pwospere nan Nouyòk, epi mwen pran angajman pou bay resous pou fè sa vin yon realite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke premye Gouvènè ki soti nan rejyon nò Eta Nouyòk nan prèske yon syèk, mwen konnen anpil nan vwazen nou yo ap lite pou yo debwouye yo. Nan travay ansanm, nou pral konbat povrete epi leve fanmi yo ki pi bezwen li."

Vil Rochester, Buffalo ak Syracuse ap investi 50 milyon dola ki enkli nan Bidjè Ane Fiskal 2025 la pou pote resous ki nesese pou ede fanmi k ap viv nan povrete ogmante salè yo epi amelyore byennèt fanmi an. Chak lokalite te chèche epi resevwa opinyon kominotè pandan y ap travay ak Depatman Sèvis Sosyal konte yo pou devlope ak finalize plan pa yo.

Depatman Sèvis Imen Konte Monroe (Department of Human Services) pral itilize 25 milyon dola pou aplike twa estrateji sible pou ranfòse baz finansye pou fanmi ki gen revni fèb yo epi redwi povrete nan vil Rochester. Estrateji yo gen ladan yon pwogram ankourajman lajan kach chak mwa pou fanm ansent ki dakò pou yo patisipe nan aktivite ki sipòte sante matènèl, ansanm ak sibvansyon pou lokasyon ak pwogram konsèy pou mobilite asandan.

- Apati 180 jou apre dat akouchman yo te prevwa a, jiska 200 fanm ansent ki elijib pou Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) nan kèk Kòd Postal nan Rochester pral elijib pou

resevwa yon ankourajman 1000 dola pa mwa pou jiska dezan, ansanm ak sipò jesyon ka, swen sante prenatal, ak sèvis pou redwi mòtalite matènèl, ak mòtalite enfantil. Patisipan yo pral oblije fè lòt aktivite tou ki sipòte sante mantal ak ankouraje oto-sifizans ak mobilite asandan.

- Pwogram sibvansyon pou lokasyon an pral bay yon sipleman chak mwa pou 100 fanmi k ap resevwa Asistans Tanporè kounye a k ap viv nan kòd postal yo deziyen nan Rochester yo pandan dezan. Fanmi k ap resevwa sibvansyon an pral resevwa tou jesyon ka, konsèy finansye ak sipò ki nesèsè pou ogmante revni yo pou lwaye total mansyèl yo pa depase 30 pousan revni mansyèl yo.
- Pwogram Konsèy pou Mobilite Asandan (Upward Mobility Mentoring) pral bay jiska 1,200 fanmi ki elijib pou TANF sipò dirèk ak asistans lajan kach nan objektif pou gen yon enpak enpòtan ak dirab sou potansyèl ekonomik alontèm fanmi yo. Pwogram sa a pral adrese senk pilye mobilite asandan: estabilite fanmi an, byennèt, jesyon finansye, edikasyon/fòmasyon, ak travay/karyè. Chak fanmi ki enskri pral kreye plan lavi endividyèl pou mobilite asandan epi patisipe nan antènman ak konsèy finansye pou maksimize potansyèl pou siksè alontèm.

Depatman Sèvis Sosyal Konte Onondaga (Department of Social Services) pral sèvi ak 12.5 milyon dola pou konsantre sou abòde povrete jenerasyonèl, pwomouvwa estabilite lojman, amelyore to prezans nan lekòl yo ak distribye kouchèt gratis bay fanmi ki kalifye pou Asistans Tanporè a.

- Pwojè pilòt 2Gen Onondaga ki egziste deja a pral elaji, pou bay jesyon ka entansif ak fikse objektif ki pran an konsiderasyon twomatiz pou fanmi Syracuse yo ki gen timoun ki resevwa Asistans Tanporè pou pi byen ankouraje byennèt fanmi an. Pwogram nan ankouraje travay kontinyèl tou lè li bay peman pou ede diminye efè "chit avantaj" yo remake yo. Fanmi k ap patisipe yo ki gen revni ki depase kalifikasyon pou asistans yo ap kontinye resevwa benefis pa mwa yo pandan 12 mwa, apre sa, benefis la ap redwi tou dousman a zewo. Anplis de sa, plan an pral sipòte paran ki pa gadyen yo lè li ede yo diminye pansyon timoun yo pou reflekte pi byen sa yo kapab peye pou li epi konekte yo ak pwogram travay ak pwogram parantal yo.
- Pwogram Asistans Lojman Santralize ak Rezo pou Angajman Kominotè Nouyòk Santral (Central New York Centralized Housing Assistance and Network for Community Engagement, CNY CHANCE) la fèt pou ede soulaje yon mache lojman ki deplizanpli sere. Pwogram nan gen ladan yon seri efò pou ankouraje estabilite lojman, tankou kreyasyon yon baz done lojman, angajman ak ankourajman pou pwopriyete kay, ak defans pou devlopman lojman abòdab, pou site sa yo sèlman.
- Lyezon prezans aplentan pral entegre nan Distri Lekòl Vil Syracuse la pou sipòte elèv ki soti nan fanmi k ap resevwa oswa ki kalifye pou resevwa Asistans Tanporè ki gen difikilte ak pwoblèm prezans yo. Lyezon yo pral bay fanmi sipò kontinyèl epi travay pou rezoud pwoblèm k ap kontribye nan absans kwonik yo.

- Konte Onondaga pral travay avèk CNY Diaper Bank pou bay kouchèt gratis pou nenpòt fanmi ki gen yon timoun ki poko gen 4 ane ki abite nan vil Syracuse epi ki kalifye pou Asistans Tanporè.

Depatman Sèvis Sosyal Konte Erie pral sèvi ak 12.5 milyon dola pou sipòte mobilite asandan pou fanmi ki kalifye pou TANF ki fè fas povrete ki abite nan vil Buffalo. Objektif pwogram ki baze sou ankourajman an se amelyore rezilta travay pou fanmi ak timoun epi redwi povrete pami timoun. Konpozan pwogram yo gen ladan antrenèn pou ede moun atenn objektif yo nan lavi, antrenèn karyè, sèvis alfabetizasyon finansye, lyen ak sipò ak resous, ak ankourajman kach dirèk.

- Yo ta vay peman kach dirèk kòm yon ankourajman pou jiska 600 fanmi k ap patisipe yo. Fanmi yo ka resevwa jiska 29 peman ankourajman ki totalize 16,000 dola pou chak fanmi si yo satisfè kèk kritè, tankou angajman ak antrenèn karyè ak antrenèn pou ede moun atenn objektif yo nan lavi, fè pwogrè nan objektif yo idantifye yo, enskripsyon nan aktivite fòmasyon ak/oswa aktivite edikasyon/ranfòsman kapasite, ak jwenn ak kenbe travay.
- Kont epay yo pral ouvri pou jiska 300 patisipan epi chak dola patisipan an depoze pral resevwa yon fon kontrepati 3 dola jiska 3,000 dola.
- Apeprè 115 patisipan pral resevwa asistans pou jwenn yon pèmi kondwi, kòm premye etap nan direksyon pou posede yon machin.
- Patrisipan yo pral gen aksè ak plizyè pwogram devlopman mendèv, tankou plasman travay sibvansyone, fòmasyon nan kad travay, pwogram karyè espesifik nan endistri yo, ak pre-aprantisaj, pou site sa yo sèlman.

Inisyativ sa a bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou fè Nouyòk vin pi bon kote ki pi bon abòdab pou kòmanse ak grandi yon fanmi. Investisman istorik Gouvènè a nan Diskou Eta Leta 2025 la ak Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2026 la pral avanse aksyon inovan pou pi byen adrese bezwen chak timoun ak fanmi nan Nouyòk:

- Agrandisman Kredi Taks pou Timoun Gouvènè Hochul la nan nivo 1,000 dola oswa 500 dola pou chak timoun pral ede fè fas ak defi ekonomik fanmi yo ap fè fas ak yo prevwa pou diminye povrete timoun nan Eta Nouyòk yon fason konsiderab. Lè yo konplètman aplike, investisman istorik sa a ka diminye povrete lakay timoun nan tout eta a jiska 8.2 pousan. Sa ta pral bati sou pwogrè Administrasyon sa a te deja fè pou redui povrete timoun atravè aksyon nan dènye bidjè yo. Konbine ak lòt mezi tankou elaji gadri sibvansyone, aksyon Administrasyon sa a fè jiska dat yo prevwa redwi povrete timoun jiska 17.7 pousan.
- Gouvènè a te pwopoze tou premye ranbousman pou enflasyon Nouyòk la ki pral remete 3 milya dola nan pòch 8.6 milyon kontribyab yo. Nan fen 2025, Eta Nouyòk pral voye pèman dirèk bay chak Nouyòkè. Moun ki deklare taks ansanm ki fè 300,000 dola oswa mwens ap resevwa yon peman 500 dola, pandan tout kontribyab ki selibatè Nouyòk ki fè 150,000 dola oswa mwens ap resevwa yon peman 300 dola. Peman yon sèl fwa sa yo pral bay Nouyòkè yo soulajman finansye ki nesèsè anpil an 2025.

- Gouvènè Hochul pral fè patenarya ak Baby2Baby pou bay bwat sante matènèl ak founiti pou nouvo ne a tout fiti manman ki enskri nan Medicaid epi sila yo ki ke òganizasyon kominotè ak lopital nan zòn ki gen revni fèb yo kontakte. Bwat yo pral bay resous, materyèl edikatif, pwodwi swen pèsònèl ak kouchèt, k ap rive jwenn apeprè 100,000 fanmi nan aplikasyon konplè.
- Gouvènè Hochul pral bay dè milyon kouchèt tou chak ane epi elaji sèvis sante konpòtmantal matènèl yo. Anplis de sa, Gouvènè a pral enstale sèvis sante mantal nan kabinè obstetrik ak jinekolojik nan kominote ki gen gwo bezwen.
- Bati sou sipò Gouvènè a pou fanm ansent ak tibebe, Benefis Alokasyon pou Nesans pou Kòmansman Ane (Birth Allowance for Beginning Year, BABY) Eta Nouyòk la pral bay yon benefis 100 dola pa mwa pandan gwosès ak yon benefis 1,200 dola lè bebe a fèt pou moun k ap resevwa asistans piblik ki gen revni fèb yo. Sa pral ogmante revni kay pou plizyè milye fanmi Nouyòk.
- Anplis de sa, pou pran mezi kont prejije evalyasyon omniprezan atravè endistri lojman ki te prive fanmi nan kominote koulè yo opòtinite pou achte yon kay yon fason enjistis, Gouvènè Hochul te pwopoze yon seri aksyon rann pratik evalyasyon diskriminatwa yo ilegal, aplike prensip anti-diskriminasyon nan evalyasyon yo epi divèsifye mendèv evalyatè yo.

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Barbara C. Guinn, te deklare, "Povrete se yon reyalyte ki afekte lavi twòp timoun ak fanmi yo, ki limite opòtinite yo ak potansyèl yo. Rechèch yo montre ke sipò konsantre ak asistans ki genyen nan inisyativ anti-povrete lokal sa yo—soti nan sibvansyon pou lokasyon, sipò sante matènèl, fòmasyon finansye, ankourajman pou prezans nan lekòl, rive nan asistans lajan kach—yo efikas nan amelyore byennèt fanmi ak sekirite ekonomik timoun yo ak fanmi yo. Nou pa ka tann aplikasyon pwogram sa yo nan Rochester, Buffalo, ak Syracuse epi nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li priyorize yon ajanda ki leve fanmi k ap travay yo epi ki rann eta nou an vin pi fasil pou viv ak abòdab pou tout Nouyòkè yo."

Lidè Minorite Sena a Charles Schumer, te deklare, "Soti nan ranfòse alfabetizasyon finansye rive nan fòmasyon travay pou amelyore kapasite paran ak sipò pou lojman fiks nan Buffalo ak Rochester ak Syracuse, sa a se yon investisman nan timoun nou yo, nan lavni nou, ak bati yon lavi miyò pou fanmi ki bezwen yon koutmen. Mwen pral toujou goumen pou bay fanmi Nouyòk yo resous pou bay tout timoun nou yo pi bon opòtinite pou yon avni ki pi briyan epi sipòte efò Gouvènè Hochul pou reyalize objektif sa yo."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Leve timoun ak fanmi yo soti nan povrete te toujou youn nan pi gwo priyorite mwen. Sa make yon etap enpòtan nan efò n ap fè pou diminye depans yo lè nou rann bon jan kalite swen sante ak opòtinite lojman pi abòdab epi mete lajan dirèkteman nan pòch moun ki plis bezwen li. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou pwoblèm enpòtan sa a, epi mwen pa ka tann pou mwen travay avèk li ak Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello, pou aplike Pwojè Prosper atravè Rochester."

Reprezantan Timothy Kennedy te deklare, "Inisyativ anti-povrete sa a enpòtan pral ede paran k ap travay di yo epi asire pitit yo pwospere. Finansman sa a pral konekte fanmi yo ak resous ki gen potansyèl pou chanje lavi yo. Nan Washington, mwen pral kontinye goumen pou fanmi k ap travay yo fè Nouyòk vin pi abòdab epi bay fanmi sa yo aksè ak nouvo opòtinite."

Manm Kongrè John W. Mannion te deklare, "Chak timoun merite yon chans pou yo reyisi, epi mwen pran angajman pou retire kominote nou yo nan povrete, espesyalman nan sant iben tankou Syracuse. Se yon defi jenerasyonèl – men tou yon opòtinite pou fè envestisman siyifikatif nan lekòl nou yo, kreye anviwònman espwa, bay lojman ki estab, epi mete an aplikasyon pwogram ki fè siksè nan gran echèl. Mwen rejwenn Gouvènè Hochul nan efò sa a epi mwen felisite lidèchip li poutèt li fè envestisman sa yo ki chanje anpil lavi nan Konte Onondaga."

Senatè Eta a, Christopher Ryan te deklare, "Mwen vle eksprime rekonesans mwen anvè Gouvènè Kathy Hochul pou angajman li pou adrese bezwen timoun ak fanmi nan Syracuse ak Nouyòk Santral. Investisman 50 milyon dola atravè Rochester, Buffalo ak Syracuse pral bay resous enpòtan pou ede diminye povrete ak amelyore byennèt fanmi ki pi bezwen li. Inisyativ sa a, ki bati sou kolaborasyon solid ant lidè eta a, konte yo ak lokal yo, asire efò rejyon nou an yo gide pa bezwen reyèl ak opinyon fanmi n ap sèvi yo. Mwen fyè pou m sipòte apwòch ki pote transfòmasyon sa a, epi mwen pa ka tann pou mwen travay ansanm pou kreye chanjman dirab pou timoun ak fanmi nou yo nan Syracuse ak nan tout Nouyòk Santral."

Senatè Eta April N.M. Baskin, te deklare, "Si sik povrete a pa kraze byen bonè nan lavi yon timoun, yo souvan santi efè devastatè pandan tout lavi yo. Investisman sa a nan Buffalo ak nan lòt vil nan nò eta a enpòtan anpil paske kominote nou yo pami sa yo ki pi pòv yo, yo frennen timoun yo anvan menm yon gen chans pou kòmanse. Resous ki soti nan fon vital sa yo ka dramatikman ak pozitivman ede timoun nan zòn nan pwospere, amelyore lavi yo ak fanmi yo tou."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "To povrete timoun yo atravè Eta Nouyòk degoutan, espesyalman nan Vil Rochester kote prèske mwatye nan timoun nou yo ap viv anba liy povrete a. Mèsi Gouvènè Hochul pou patenarya w nan pote finansman bay òganizasyon lokal yo nan kominote ki pi bezwen li yo, konbat pousantaj povrete timoun nou yo ki pa akseptab yo, epi trase wout la direksyon yon avni ki pi briyan pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo."

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "Pandan gouvènman federal la ap travay pou koupe pwogram ke Nouyòkè yo depann de yo epi li pa respekte pwomès pou diminye depans yo, n ap travay di nan Nouyòk pou ede kominote ki pi vilnerab nou yo. Finansman Eta sa a pral pwoteje fanmi yo ki nan bezwen yo epi ajoute yon lòt zouti pou ede Buffalo abòde pousantaj povrete nan timoun ki wo anpil k ap ravaje vil nou an depi twò lontan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou efò kontinyèl li pou l rezoud pwoblèm enpòtan sa a."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Anpil fanmi nan Nouyòk Santral ap lite pou yo ka debwouye yo. Ak pri lwaye k ap monte ak pri manje ki wo toujou, satisfè bezwen debaz yo pou manje, sèvis piblik yo, ak lòt bagay esansyèl yo vin deplizanpli difisil. Anons Gouvènè Hochul pou 50 milyon dola nan finansman pou pwogram anti-povrete yo pral ede siyifikativman adrese kòz fondamantal povrete nan rejyon nou an. Mèsi Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan Majorite Sena a ki kontinye fè plis vwazen nou yo soti nan povrete."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Redwi povrete se youn nan mezi ki pi enpòtan Eta a ka pran pou ede fanmi ki gen difikilte yo kenbe sante, kay, ak byennèt yo. Mwen akeyi angajman Gouvènè Hochul pran pou redui povrete nan vil Buffalo, Rochester, ak Syracuse epi mwen pa ka tann pou mwen wè rezilta pozitif nan kominote mwen an ak odela."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Anons Gouvènè Hochul jodi a montre yon vrè angajman pou lite kont youn nan batay ki pi difisil kominote lokal nou yo kontinye ap fè fas. Syracuse te gen kèk nan pi gwo pousantaj povrete timoun atravè nasyon an epi li enpòtan anpil pou nou pran responsablite pou nou konbat pwoblèm sa a ki la depi lontan epi ki se yon pwoblèm jenerasyonèl. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ki te rann resous sa yo posib pou Konte Onondaga, ede leve timoun nou yo ak fanmi ki pi nan bezwen yo epi demontre yon devouman dirab pou byennèt jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble, Andrew Hevesi, te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li vize fon kont povrete sa yo egzakteman kote nou bezwen yo, nan Syracuse, Rochester, ak Buffalo ki malerezman kenbe kèk nan pi gwo pousantaj povrete timoun nan peyi a. Mèsi Prezidan Heastie, Lidè Majorite Stewart-Cousins ak tout kòlèg mwen yo pou travay ak egzekitif la pou bay asistans sa a bay kominote yo, fanmi yo ak timoun nou yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Syracuse gen youn nan pi gwo pousantaj povrete timoun nan nasyon an ak apeprè mwatye timoun nan vil la ki sitiye anba liy povrete a. Lè Gouvènè a investi nan Syracuse ak nan lòt vil nò Eta yo, Gouvènè a pran angajman pou amelyore byennèt kominote nou yo atravè ogmante opòtinite pou jwenn aksè ak lojman, gadri, travay ak transpò."

Manm Asanble Harry B. Bronson, te deklare, "Kòm premye sipòtè Asanble a nan kad Lwa sou Rediksyon Povrete Timoun lan, mwen bat bravo pou Gouvènè a pou plis investisman 50 milyon dola sa a pou adrese bezwen timoun ak fanmi k ap viv nan povrete, ki priyoreze fanmi gras ak opòtinite ak resous yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, pou sipò kontinyèl ak renouvle ak patenarya w pou fè Rochester yon vil pwosperite, opòtinite ak ekite, pou nou ka finalman mete fen nan epidemi timoun ak fanmi k ap viv nan povrete a."

Manm Asanble, Sarah Clark, te deklare, "Nou konnen povrete sistemik nan kè anpil nan pwoblèm ki pi ijan nou yo nan tout eta a. Sèvi nan yon rejyon ki gen youn nan pi gwo pousantaj povrete timoun nan eta a se yon rapèl konstan ke nou bezwen investi plis nan timoun ak fanmi yo, ki se pi gwo priyorite mwen nan Asanble. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te anonse yon investisman 50 milyon dola nan kominote ki pi majinalize nou yo isit la nan Eta Nouyòk. Lajan sa yo pral ede retire fanmi yo nan povrete jenerasyonèl epi asire pi byen satisfè bezwen ki pi ijan timoun nou yo."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Envesti nan timoun ak fanmi nou yo se fondasyon yon Nouyòk ki pi solid, ki gen plis pwosperite. Pandan tout tan mwen antre an fonksyon an, povrete timoun nan Syracuse se te youn nan pwoblèm ki pi omniprezan epi ki pi difisil pou rezoud. Avèk angajman 50 milyon dola sa a, n ap pran mezi desizif pou kraze sik povrete a epi bay bon opòtinite pou fanmi yo nan Rochester, Buffalo, ak isit la nan Syracuse. Lè nou priyore solisyon lokal yo, n ap asire moun ki pi pre defi yo gen resous yo bezwen pou kreye chanjman dirab. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou lidèchip li epi paske li rekonèt ke leve kominote ki pi vilnerab nou yo, sa se pa sèlman sa ki bon pou nou fè—li esansyèl pou avni eta nou an."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Pwojè Prosper pral kreye inisyativ estratejik pou konekte fanmi yo ak lojman ki estab, sipò travay, gadri, asistans pou fanm ansent ki pral amelyore rezilta sante matènèl ak enfantil, ak sibvansyon pou lokasyon ki sible pou ede fanmi yo jwenn lojman ki estab. Finansman sa a pral bay chemen reyèl, ki mezirab pou soti nan povrete nan kòd postal yo sible yo atravè kominote nou an. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou investisman 25 milyon dola sa a epi paske li te pran anpil nan rekòmandasyon Inisyativ Anti-Povrete Konte Rochester-Monroe ke kominote a dirije epi fè yo tounen reyalyte."

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Redwi povrete nan mitan fanmi yo ak timoun yo ede yo sou yon chemen ki mennen nan yon lavi ki pi bon, ki pi an sante ak ki pi pwodiktif. Finansman sa a pral ede fanmi ki elijib pou TANF yo jwenn aksè ak sipò ak sèvis yo bezwen pou jwenn nouvo konpetans, amelyore alfabetizasyon finansye yo ak bati nan direksyon pou yon pi bon avni. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou konsantrasyon kontinyèl li sou diminye to povrete yo epi fè Buffalo, ak Eta Nouyòk, vin yon bon kote pou leve yon fanmi."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Administrasyon mwen an te travay san pran souf pou atenn ak konekte manm yo nan kominote nou an k ap viv nan povrete ak resous yo bezwen yo nan yon fason konplè ak global. Soti nan pwojè Pilòt 2Gen Onondaga ki gen siksè nou an ki travay pou kraze sik jenerasyon povrete a pou rive nan travay ak lekòl nou yo pou sipòte timoun nou yo san yo pa ajoute plis defi pou paran k ap chèche jwenn oswa kenbe travay, Konte Onondaga ap fè pwogrè reyèl nan sa ki ge pou wè ak finalman abòde kòz rasin povrete a. Gen plis travay pou nou fè toujou epi grasa fon eta sa yo n ap kapab konstwi ak ogmante efò nou yo nan yon fason ki vrèman solid. Mèsi Eta Nouyòk ak tout patnè kominotè yo ki te ede fè jodi a posib."

Majistra Rochester, Malik D. Evans, te deklare, "Pwojè Prosper a konbine resous Eta Nouyòk, Konte Monroe ak Vil Rochester pou sipòte rezidan ki pi vilnerab nou yo epi adrese kèk nan konsekans afeblisan povrete a: mòtalite pami timoun, fado lwaye, ak estagnasyon ekonomik. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te bay finansman sa a, ansanm ak anpil òganizasyon kominotè ke konesans yo te ede nou konsevwa estrateji inovan sa yo. Gras ak Gouvènè Hochul ak patenarya nou ak Konte Monroe, n ap bay rezidan katye ki pi pòv Rochester yo envèstisman yo merite."

Majistra Buffalo, Christopher P. Scanlon, te deklare, "Kòm yon papa twa pitit, mwen konnen pèsònèlman defi fanmi yo rankontre pou asire pitit yo gen opòtinite ak sipò yo bezwen pou yo pwospere. Investisman Gouvènè Hochul nan Buffalo pral bay resous enpòtan pou retire fanmi yo soti nan povrete, sa k ap kreye yon chemen ki mennen nan estabilite ekonomik ak avni ki pi briyan pou timoun nou yo. Finansman sa a se pa sèlman gen pou wè ak asistans finansyè—li gen pou wè tou ak ekipe fanmi yo ak zouti pou yo reyisi, soti nan antrenè karyè rive nan alfabetizasyon finansyè ak devlopman mendèv. Mwen vle remèsye Gouvènè a pou envestisman li nan fanmi yo nan vil Buffalo epi mwen pa ka tann pou mwen wè enpak li sou fanmi yo atravè vil nou an."

Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare, "Pwogram k ap resevwa sipò nan Vil Syracuse yo adrese kay ak edikasyon timoun nan ak kapasite paran an pou satisfè bezwen aktyèl yo pandan y ap ogmante kapasite yo pou yo sove anba povrete atravè travay. Se kalite apwòch global sa a ki kreye alafwa yon chemen pou soti nan povrete ak sipò pou fanmi an byen navige nan chemen sa a. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te angaje resous sa yo pou konbat povrete timoun nan Syracuse ak patnè nou yo nan Konte Onondaga paske yo te travay avèk nou nan kad pwogram sa yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)